Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 29 декабрь Рузман №53 (7814) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ЦIияб сонгун, районцоял!

**ХIурматиял районцоял!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб ЦIияб-2024 сон. Гьале нилъеца бегулеб буго 2023 соналъул календаралъул ахирисеб тIамач, ва гьебгун цадахъ нилъер щивасул гIумрудул лъугьа-бахъиназул тарихги... Нилъер щивасул лъалкI хутIана хадур рачIунез цIализе ва бицине.

Районалда социалияб рахъалъ гьаруна гIезегIанго хIалтIаби, хутIана гьаричIелги. Иншаалагь, тIурала гьелги цадахъ рекъон.

Гьарула нужее сахлъи, рохел, ригьнал талихI ва хIалтIулъ берцинлъаби.

БукIа абе нилъее бачIунеб сон ракълилаблъун, талихIаблъун, тIолго дунялалда рагъ-кьал лъугIараблъун, пачалихъазул бутIрузул кIал цолъараблъун ва баракатаблъун.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

### Терроралде данде

## АТКаялъул иргадулаб данделъи

25 декабралда Агъвали райадминистрациялда тIобитIана терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул (АТКаялъул) иргадулаб данделъи.

Комиссиялъул членаз гIенеккана цIияб сонил байрамалъул къояз сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул идарабазда ва гьединго гIемер гIадамал руссараб бакIазда хIинкьи гьечIолъи бу-



кIинабиялъе гьабулеб хIадурлъиялъул хIакъалъулъ районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Багъжат Гъазиевалъул ва райбольницаялъул бетIерав врачасул заместитель Муслимат МухIамадовалъул информацияби.

Районалъул АТКаялъул секретарь - райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас бицана цIа ккеялдаса ва терроризмалъул зулмуялдаса хIинкьи гьечIолъи букIинабиялъе школазда ва больницалда гьабулеб хIалтIулъ цIодорлъи букIинабизе ккеялъул. Гьединго МухIамад Сиражудиновас бицана ахираб заманалда социалиял гьиназда дандчIвалел Дагъистаналъул халкъ изну гьечIого тIоритIулел тадбиразде гIахьаллъизе ахIулел лъазабиязул. Гьелда бан хIажатаб букIин абуна Сиражудиновас ва МВДялъул районалде бугеб отделалъул начальникасул заместитель МухIамадрасул Сайпулаевас росабалъ мажгитазда ва школазда гьеб суалалда сверухъ бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе. Провакаторазул харбаздаги божун, гьединал тадбиразда гIахьаллъиялъ гIолохъабазул гIумруялъулъ чIегIераб тIанкI лъола. Гьелдаса гIолилал цIунизе жигар бахъизе кколин нилъецаян абуна гьез.

Данделъиялда гьединго гIенеккана АТКаялъул цереккун гьарурал хIукмаби тIураялъул хIакъалъулъ МухIамад Сиражудиновасул информация, ва тасдикъ гьабуна районалъул АТКаялъул 2024 соналъе хIалтIул план.

### Райсобраниялда

## ЦIияб соналъе бюджет тасдикъ гьабуна

**Сон, 28 декабралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIараб районалъул депутатазул Собраниялъул гьаб соналъул ахирисеб сессиялда депутатаз хал гьабулел суалазул аслияблъун букIана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул 2024 соналъе ва 2025-2026 соназул планалъулаб периодалъе бюджет къабул гьаби.**



Цебеккун бюджеталъул хIакъалъулъ хIукмуялъул проект гIенеккана гIемерал гIадамал ракIарун районалъул маданиятalъул кIалгIаялда, бахъун букIана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул газеталда ва сайталда.

Бюджеталъул суалгун кIалъазе вахъарав районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадовас баян гьабуна 2024 соналъе районалъул бюджет сбалансированияб (доходалгун расходал бащадаб) букIин ва рихьизаруна гьелъул роценал: **доходал**-756709,5 азарго гъурущ, **расходал** -756709,5 азарго гъурущ.

ГIаммаб куцалда бюджеталъул доходазулъ аслияб бакI (85 процент) кколеб буго бецIизе ккечIого хIукуматалъ кьолел бюджетазда гьоркьосел трансфертаз. Гьеб ккола 611465,5 азарго гъурущ, гьезда гьоркьоса 137636,0 азарго гъурущ ккола райбюджеталъе бихьизабураб дотация, 58517,0 азарго гъурущ - росдал поселениябазе бихьизабураб. ХутIараб бутIа ккола жалго бетIергьанал налогазул ва налогазул гурел доходал.

Расходазул аслияб бутIа (77 процент), ай 567903,2 азарго гъурущ бихьизабун буго лъайкьеялъе, гьединго 4 процент бихьиза-



бун буго райадминистрациялъул аппаратальe ва гьелъул отделазе харж гьабизе. Бюджеталъул расходалъулаб бутIаялъул 85 процент бихьизабун буго районалъул учреждениябазегун организациябазе харж гьабизе.

Депутатаз гьединго тасдикъ гьабуна 2024 соналъе «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул структура ва захIматалъухъ кьолеб мухьалъул бищун дагьаб къадар (МРОТ).

Сессиялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна ва кIалъазе вахъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров.

Депутатаз сессиялда хал гьабуна анцIила кIиго суалалъул. Гьел киналниги суалазда тIасан гьаруна рекъарал хIукмаби.

### ХитIаб

## ЦIодорго рукIа

Социалиял гьиназда гIемер дандчIвалел руго ахираб заманалда изну гьечIого тIоритIулел акциябазда гIахьаллъизе республикаялъул халкъ ахIулел лъазабиял.

Гьелда бан Дагъистаналъул ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул Советалъ лъазабулеб буго гIадамал питнаялде гьусулел цоцо чагIазул харбаздаги божун, изну гьечIого тIоритIулел акциязулъ гIахьаллъугеян.

Республикаялда жамгIияб гьун политикияб ахIвал-хIал биххизабиялъул мурадалда, къватIисел пачалихъаздаса, хасго Украиналда ва Турциялда ругел экстремистазул къокъабаз нилъер халкъ ахIулеб буго дандечIеязде. Нилъеда гьеб цебеккунги бихьун букIана, лъала сунде гьелъ рачунеблъиги.

РФялъул законазда рекъон гьединал акциябазда гIахьаллъиялъухъ бихьизабун буго жавабчилъи (РФялъул УКялъул 167, 212, 318, статьяби).

Лъица ахIулел ругониги, гIарац кьолеб бугониги, воре, унге гьединал данделъабазде, божуге гьединал ахIиязда ва провокациябазда. Гьезул позициялъ нужер букIинесеб мекъаб нухде бачине бегьула.

Воре, цIодорлъи гьабе! Божуге питна багъаризабулезда!

## ЦIияб сонгун

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул коллективалъ ракI-ракIалъ баркулеб буго газета цIалулезда тIаде щолеб ЦIияб 2024 сон!

Нижеца нужее гьарулеб буго щулияб сахлъи, рохел, талихIаб ва ракълилаб гIумру.

РегIана нилъеца 2023 сон, букIун батила гьеб цо-цоязе талихIаб, цо-цоязе къваридаб. ГIумру буго гIумру...

Унеб сонaлдаса тIаде бачIунеб сон букIине буго дагьабги захIматаб. Цере руго нилъер улкаялда гражданияб обществоялъул цIубаялъу хIалбихьилъун кколел президент вищиялъул рищиял. Рищиязда цебесеб заман ва жалго рищиял рукIине руго битIараб ва цебетIолеб пикруялъул гIадамазе экзаменлъун.

Сахлъи кьеги нужее хIисабалде росарал мурадал ва ишал тIураялда ракIчIун, рази-ракиго ва аваданлъиялда рукIине.

ЦIале, хьвай, ахIе. Ниж кидаго рохарал руго нужедаса.

**ХIурматгун, «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул коллектив**

## Библиотекаразул данделъи

Гьал ахирал къояз Агъвали районалъул библиотекалда тIобитIана росдал библиотекабазул ва культураялъул хIалтIухъабазул лъагIалил габураб хIалтIул х1исаб кьеялъулаб данделъи. Къокъабго кIалъаялдалъун данделъи рагьана районалъул библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIасбулаевалъ. Жиндирго кIалъаялда гьелъ баян гьабуна библиотекабазул бугеб ахIвал-хIалалъул, церечIарал масъалабазул. Гьединго бицана улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъул, кватIичIого рукIине ругел президентасул ришиязул.



КIалъазе рахъарал библиотекаялъул хIалтIухъабаз цояс гIадин рахъ ккуна рищиялде хIадурлъиялъул гьаризе кколел церечIарал масъалабазул.

КIалъазе рахъарал МухIамад ГIабдулаевас ва ХIабиб Давудовас тIадчIей гьабуна магIарул мацIалдехун бугеб чучаб бербалагьиялъул, магIарул мацIалъул тIахьал библиотекабазда дагьлъун рукIиналда.

Данделъараз ахиралда халкъалдехун хитIаб гьабуна киналго цолъун улкаялъул президентасул рищизда гIахьаллъизе ва магIарул мацI цIуниялда сверухъ х1алт1изе ва ккаралъур цолъун рукIине.

**ХIабиб Давудов**

## Расул ХIамзатовасул памятникалде щведал

Ассалам гIалайкум, ХIамзатил Расул,
Гьале жакъа швана дуй салам кьезе.
Кинан вугев Расул тахшагьаралда,
Щолиш магIарулал духъ зияраталъ?

Къункъраби кин ругел мунго кин вугев,
Каранлъ ракI чIаниги хвел гьечIев Расул.
Дур къункърабазул тIел дунялги сверун,
Духъе щун ратула мунгун хIалхьизе.

МагIу чвахулаго, черх соролаго,
Дур памятникалда цее чIун йиго.
Бицине букIараб, абизе тараб,
КIутIби соролаго жаниб гьанкъана.

Цинги шагIирасул гьаракь рагIана,
Гьаригьунан дида шурун абула.
Мун шай гIодулеян, магIарул чIужу,
ШагIир гIодуларин шигIру хьвайилан.

Дун цIакъ чIухIун йиго ва йохун йиго,
Москва бакьулъ дуе памятник байдал.
Пашманлъунги йиго цойги рахъалъан,
Дуда аскIов магIарул чиго гьечIелъул.

БукIаниги, Расул, мун кIочон тарав,
МагIарул росабалъ чи ватиларо.
Дур махсара-кIалъай трибунабазда,
ГIасрабаз хутIана хвел гьечIеб нижей.

ТIаса лъугьа,Расул, кьо -мех лъикI дуе,
Ине кколей йиго дун дирго нухалъ.
Ратани нахъеги гIумрудул сонал,
Санайил ячIина дун духъе швезе.

**Зулейхат Мусаева,** Эчеда росу

## Барка ЦIияб сон

Ана цоги лъагIел лъазе течIого,
БачIана цIияб сон рагьдухъ гьоболлъун.
Баркатгун бачIараб рохел гьарзаяб,
РахIматал чвахулеб ургъелал гъунеб.

Дунял гIаламалда рагъалги тIагIун,
Рохелал гьарзаяб сонлъун батаги.
Гьарунщинал ригьнал гIумру цадахъ ун,
КIи-кIи лъимал гьарун гIалам цIикIкIаги.

Иман щулалъаги вацлъи цIикIкIаги,
ХIалалаб ризкъи кьун ракъун тогеги.
Милат кIочонгеги ВатIан тогеги,
Рахьдал мацIги кIочон чидар когеги.

ГIисиназ чIахIиял рехун тогеги,
ГIалимзаби цIикIкIун гIадлу бачIаги.
ЗахIматал унтаби гьоркьоса тIагIун,
Сахаб гIумруялда гIалам квадаги.

ХIалтIи бацIцIад гьабун тIад тарал чагIаз,
ГIаламго бахилаб кьоял рачIаги.
Бикъа-хъами дагьлъун ришватлъи тIагIун,
Халкъго хIайранлъулеб сонлъун батаги.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

## Къумах гьоболлъухъ

**Гьигьалъа дир гьудул**
**Юнусие сайгъат гьабула**

Дир Къумах «чIинкIиллъи» чIаго гьабурав,
ЧIалгIин бусиналъе сапар бухьарав,
Гьудуллъи цIунарав, цIар-рецц рихарав,
Дир ракI чучиялъе чанай вахьарав-!...

Доб гьудуллъиялъул гьор лъугьун бугин,
Гьудул-гьалмагълъиялъ мугъ сверун бугин.
Ургъел пашманлъиялъ къвал барав дихье,
Къаси как балаго, дий салам къуна-!...

Квер бачун, гIодорчIун минут балелде,
Ургъел, рохелалъул цIех-рех гьабуна...
Гьазиев ГIалица танин абидал,
ТагIзият гьабизе сапар бухьана...

Гьас гIелму малъарал, гIадлу куцарал,
ГIолохъаби, васал, улбул, умумул...
ТIолго жамагIаталъ къимат гьабулев,
Къадрурв учитель баркала дуе-!...

ГурхIел, рахIмуялъе хIалай вахьунев,
ХIалихьалъи, тохлъи хIехьон чIоларев,
Инсул ирс босарав, иман щулияв,
Баркала, Калимат квелъ бараб лачен-!...

Расул, гIумруялъул свералабазда,
Санкция гьечIого тIубалеб гьечIо...
«Гьудул-гьалмагъзаби рекIкIал жал руго,
РикIине гIемерал ратизе дагьал»...

**ГIабдула Зубаиров,** Хуштада росу

## ЛъагIалил тренер ва гугарухъан

Дагъаб цебе МухIачхъала шагьаралъул администрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул управлениялъ, 2023 соналъул лъагIалил хIасилал рачунаго, лъагIалил



бищун лъикIав тренерлъун рикIкIана нилъер ракьцояв ХIасан ГIабдулбасиров ва лъагIалил бищун лъикIав спортсменлъун гьес куцалев гугарухъан Камил ГIабдулвагьабов.

Баркула кIиясдаго тIаде щолеб ЦIияб 2024 сон! Гьарула щулияб сахлъи, хадубккунги спорталъулъ лъикIал хIасилал.

**Шамил Бадрудинов**

## ЛъагIалил хIасилал

Гьале нахъе тана нилъеца 2023 сон. Абизе бегьула, гьеб нилъее квешаб ккечIин абун. Районалда гьабуна гIезегIанго хIалтIи, хутIана жеги гьабизесебги. Гьелдеги щвела нилъер квер, Аллагьас хьван батани. Гъоркьехун рехсела цодагьабго гьабураб хIалтIи.

Бахьана Хушетибе машинадул нух, бакана Гъоркьгьаквари газ, хьил тIун къачIана Лъондода, ТIинди ва КIочIали нухал, ран рагIалде рахьана КIванада, Гьигьалъ, ТIисси школал ва ТIинди лъималазул ах. Гьигьалъ, Хуштада,ТIинди ва Лъондода рана хIухьбахъиялъе площадкаби, ТIисси хьил тIун къачIана росулъ жаниб аслияб кьватI ва годекIан, Силди сверуда бана кIудияб кьо, капиталияб ремонт гьабун къачIана Агъвали лъималазул ах ва Гьигьалъ клуб. ТIадгьаквари, Гъокьхъварщини ва ТIадхъварщини лъуна бухьеналъул вышка, щуго километралъул манзилалда хисана Эчедисан Силдибе унеб токалъул мухъ. Гъокьгьаквари бана кьо, росу бакьулъ бугеб кIкIалги цIезабун, бана хIухьбахъиялъе ва машинаби чIезаризе кIудияб площадка, къачIана мажгиталъул минара ва тазиятал̄ъе бакI.

Гьединго лъикIал хIасилалгун тIобитIана нильер гугарухъабазги спортивияб лъагIел.

2023 соналъ нильер районалъул гугарухъаби гIахьаллъана эркенаб гугариялъул рахьалъ дунялалъул ва Россиялъул батIи-батIиял турниразда, Дагъистаналъул, Россиялъул, Европаялъул ва дунялалъул чемпионатазда ва первенствобазда. Нилъ рохизаруна гьезул церерахъиназ ва хIасилаз.

Сербиялда дунялалъул чемпионлъун вахьана АхIмад ГIусманов, гIарцулав призерлъун вахьана ГIабасхIажи МухIамадов, мазгарул медаль щвана Рамазан Рамазановасе.

Россиялъул чемпионаталда кIиабилеб бакI ккуна Аманула ХIажимухIамадовас, Шамил Мусаевасе щвана лъабабилеб бакI.

ГIолилазда гьоркьоб дунялалъул первенствоялда лъабабилеб бакI ккуна МустафахIажи Малачдибировас.

ГIолилазда гьоркьоб Россиялъул первенствоялда тIоцебесеб бакI ккуна Башир МухIамадовас, кIиабилеб бакI ккуна ХIажимурад Къадиловас, Шамил Къадиловас, Халид МухIамадовас ва Рамазан ХIажимухIамадовас. Лъабабилеб бакIал ккуна ХIабиб Зурбековас, Камил ГIабдулвагьабовас ва ХIамзат ГIалижудиновас.

ГIисинал гIолилазда гьоркьоб дунялалъул первенствоялда кIиабилеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул цIалдохъан МухIамад ГIалибахIарчиевас ва Сайпула ХIажимухIамадовас.

ГIисинал гIолилазда гьоркьоб Россиялъул первенствоялда лъабабилеб бакI ккуна МухIамад ГIабдулхIакъовас ва МухIамад Лабазановас (кIиявго Агъвали гимназиялъул цIалдохъан).

ГIисинал гIолилазда гьоркьоб тIолгороссиялъул турниралда тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул цIалдохъан Нажмудин Абакаровас.

Дагъистаналъул первенствоялда гIисинал гIолилазда (U15) гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ГIабасхIажи ГIабасхIажиевас ва Агъвали гимназиялъул цIалдохъан МухIамадтIагьир ХIажиевас.

Баркула киназдаго тIаде щолеб ЦIияб 2024 сон. Гьарула щулияб сахлъи, талихI, рохел, цIияб соналъ жеги лъикIал хIасилал!

**РекIелгъей**

## МАСЛИХIАТЧИ

КIиго мадугьал гIанкIу сабаблъун дагIбадизе ккана. Цоялъ абула дир бугилан, цояй абуни дир бугилан кодоса бахъизе лъугьуна.

АхIи-хIур рагIарабго мажгиталде вачIунев дибирас, цоялъухъа кодоса гIанкIуги бачун, къасиялде белъине рехеян, цадахъ вукIарав васасухъе кьола. ГIажаиблъи гьабун, жидер гIанкIу бачунгеян, руччаби гьесде тIаде рала. Дибирас гьазда бичIчIизабула:

-Рузман къоялъ гIанкIу сабаблъун дагIбадани, кIудияб мунагь букIуна, эб нужеца садакъаде росдал дибирасе малъизе ккола, гурони нужее мунагь. Рузман къоялъ дицаги диван къотIизе бегьуларо, гурони диеги мунагь. Садакъа кьурасеги кванарасеги кири.

Дибирасе хIалаллъиги кьун, кIияйго мадугьалалъ кверал рачанила.

## МАНАП ВА НУСАЛ

Манапил йикIана кIиго нус. Вакьадасул адабхIурматни киса гурин гьез гьабилеб, хьачIаб рагIи гурони киданиги рагIулароан гьездасан.

Цо къоялъ кIудияй нус рокьой хутIидал, гьелда абула Манапица:

-Дир хирияй нус, дуе бицина дица цо балъголъи. Дица ракьулъ бахчун буго хазинадул цIураб щагIил гиби. Дица дуе гьеб васият гьабула. Дуца лъиданиги гьеб бицине бегьуларо.

Дир лъималаздацин гьеб лъаларо.

Цодагьабго заманалдасан гьебго васият гьабула гьитIинай нусалъеги.

Гьелдаса нахъе кIияйго нус, Манапида сверун лъугьун, щиб гьесда цебе лъелебали лъаларого рукIунаан.

Гьале хвана Манап, РикIкIадаса эмен вукъизе рачIана васал.

Эменги вукъун рокьоре рачIунаго гьезда азбаралда рагьулел ратула лъуди.

-Щиб нужее ккараб?-ян гьикъула вацаз.

Лъудбуца бицуна Манапил букIараб васиятаlъул ва щибалъ абула жиндие васият гьабун букIанилан.

-Кибха гьеб хазина бахчун бугеб?-ян гьикъула гьезда.

-Лъаларо,-ян гьабула гьез жаваб.

-Лъалареб батани рагьичIого рукIа,-ян релъанила ав кIиявгоги.

## ХЬИТАЗУЛ САПАР

Хьизан-лъималазе ретIел-хьит босизе мурадалъ Шураве щварав ХIадис къадекак базе мажгиталъуве уна. Цiиял хьиталги рахьун, какги бан, кьватIиве вахъунелъул лъуралъур хьитал ратуларо. Жив тIаде кколарого ватилилан, киналго гIадамал инегIан чIаниги, хьитазда махIрумлъула ХIадис.

-Дуеги кисаха, лъади, хьитал щолел, диргоялги нахъе росун, хьвархьвалаго вуссана дун,-ан абурабила ХIадисица.

## ЩАЛХА РАЗИ ГЬЕЧIЕЛ

-ПалхIасил, дуца дун лъадилъун ячине хIукму гьабунаха, уйищ?

- У валлагь.

Мун гьелда тIад ургъанищ?

- Ургъана.

- Дуда лъалищ, дица тукаде яги базаралде цониги гали босизе гьечIеблъи? Дица дуе квен хIадуризе гьечIо, ретIел чуризе гьечIо.

- Гьеб иш кинабго дица дидаго тIаде босила.

- Дица рокьоре рачIарал дур киналго гьалмагъзаби кьватIире гьезе руго.

- Гьедин бегьула.

- Дица дуе хIалтIун щолеб гIарац копек хутIичIого дихъего босизе буго.

- Дие гIарац щибизе, гьалмагъзаби рукIунареб мехалда.

- Дир махсаро гуро.

- Дирги махсаро гуро.

Гьедин бугониги дун лъадилъун ячине мун рази вугищха?

- Вуго.

- Гьедин батани дун дуе ячIине рази гьечIо. Дие живго цIунизе лъаларев рос вакьангуро.

## СУНДАСАГО МУН ВОКЬИЛА

Мехтарав росас лъадуда ригьин бихxи лъазабула. Дуего бокьарабги босун радалилде рукъ тейилан абула.

Кьижарав ворчIилалде росги машинаялда лъун, лъади эбел-инсул рокьое рещтIуна.

Радал ворчIидал рос вихххула:

-Щай дуца гIалагъважа гьабулеб? - ан лъугьуна гьев.

-Бокьараб жоги босун аян дуцаги абуна, бищунго вокьулев мунги восун дунги йилълъана ,-ян гьелъги абуна.

ПалхIасил, рос-лъади рекьана.

## ГIАКЪЛУ ЦЕБЕ ГЬАБЕ

Цо гIакъиласухъеги вачIун, гIолилас гьесда абула:- Бегьиларищ, дир эмен, гьеб дур бечедаб гIакълуялъул цо бутIа дие кьезе?

-Валлагь бегьила, дир вас, дуе кьун дир гIакълу мукъсанлъиларо. ГIин тIаме: Сундулго гIакълу ккола сабру. Сундулъго сабру гьабе.

ГIемер заман иналде рештIана мугIрузда балагь, рачIана тIаде тушбаби, ккола рагъде гьадав гIолилавги.

Лъукъарав гьев кверде восула тушбабаз. ГIемерал санал рала гьас чияр ракьалда жиндирго ватIаналдаса ва йокьулей чIужуялдаса рикIкIад.

Эркенлъиялде ворчIаравго, тIад вуссун къаси мехалъ щола гьав росулъе. Гьасул ургъел букIана жиндир лъади, кьиматги цIунун, хиянатлъичIого ятиладай абураб суалалда сверухъ.

Сас рагIиларедухъ гордухъеги вилълъун валагьидал, гьесда вихьула бусада вегун цо гIолилавги, къаданийги чIун, гьесул бетIералда квер бахъулей жиндирго чIужуги. Цидалъ бахъун ханжаргун вортула гьав нуцIихье.

Амма цо лъалхъи ккола. Сунца гьав лъалхъизавурав? Гьасда ракIалде щола дов гIакъиласул рагIи: «Сундулъго сабру гьабе!»

Цидаца рекIеда ругъунги лъун, гьав щола жиндирго гIагарлъиялъухъе. ГIагарлъиялъ бицуна гьав рагъде ун ункъо-щуго моцIиде гьасие вас гьави, кидадай гьав тIад вуссинаян эбелги васги хIасраталда рукIин. Гьанже вас унтун бусаде ккун вукIин.

## БУДУН ВА МАХСАРОЧИ

Росулъ вугев махсарочиясда даимго щцин бахъунаан будунасул, гьес жиндир ругел гIунгутIабиги гIадамазда суризарилъ. Кидадай рецIел босизе щвелаян пикрабазда вукIаго, тIаде вачIуна махсарочи.

-ЧIа, чIа, гьудул, мун тIаде вачIиндал ракIалде щванин, ноль дида макьилъ мун болъонил сипаталда вихьана,-ян бицине лъугьана будун.

ВахI,-ан гьоркьов къотIизавуна гьев махсарочияс, -дуда цебе тIамураб жо макьу гуреб, гьудул, букIараб, матIуйин букIараб, валагьидал мунго вихьун вати ларищха дуда.

## ХЕРЛЪИЗЕ БОКЬИЛИЩ?

-Мун кьокьидго херлъун вихьулагури,-ян абула гьоболасда.

-Дуе херлъизе бокьилищ? - ан данде гьикъана гьес.

- Дие херлъизе бокьиларо.

- Нагагь херлъизе бокьун батани, дуцаги яче кIиго чIужу, -ян абунила гьоболас.

## ЛЕКЦИЯЛДА

Лекция цIализе чи вачIун вугилан, данде ахIана жамагIат.

Бицунеб букIана, инсан маймалакалдасан лъугьарав вугилан.

- Дуца, дир вас, гьеб хабар, маймалаказул собраниялги ахIун, эзие бице.

## ЯМАН КЪЕБЕД

ГIемерисел магIарул росабалъ гьев лъалаан «Квешав Къебед» абун. Гьеб цIар гьесда лъеялъе гIиллалъун букIана гьес гьарулел ракIарал бегьулелги бегьуларелги ишал. Квешав Къебедги гьалмагъзабиги гьакалги рачун щола.

Базаралда сверулаго гьазда дандчIвала Къебедица цин квешлъи гьабурав лъарагIав.

Гьес абула :

- Ай, яман-Къебед.

МахIниги намусльичIого гьас жаваб кьола :

- МагIарухъги дида яхши-Къебедин абуларо.

## УЧИТЕЛЬГИ ЦIАЛДОХЪАНГИ

Учитель: - Щай бегьулареб цо мухъдаса цойги мухъде цо хIарп босизе?

ЦIалдохъан: - Щай гурелъул гьелъул ракI гьоларого. Учитель: - Кибехун Наполеоница тIоцебе бергьенлъи босараб?

ЦIалдохъан: - Нусиялда щуабилеб гьурмада.

Учитель: - ЦIоролареб лъамалъи щиб?

ЦIалдохъан: - Гьалараб лъим.

Учитель: - Кида гIеч бакIарулеб?

ЦIалдохъан: - Ахикь хьаравул гьечIеб мехалъ.

Учитель: - Дуе цойги цойил лъун бугогури?

ЦIалдохъан: - Дица гуро гьеб лъураб, гьеб дие довцояв учителас лъуна.

**Динияб бокIон**

## Конкурс тIобитIана

22 декабралда Агъвали культураялъул кIалгIаялда тIобитIана 2-10 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб алхIам ва аттахIияту цIалиялъул, как ахIиялъул ва къамат гьабиялъул конкурс. Гьенир тIоцебесеб туралда гIахьаллъана нусиялда лъебергогIанасев цIалдохъан, гьезда гьоркьоса кIабилеб туралде ворчIана кIикъогояв.



Конкурсалъул хIасилал ккана хадур рехсарал:

ТIоцебесеб бакI ккуна ГъазимухIамад АхIмадовас (3 кл.), кIиабилеб бакI- АхIмад ГъазимухIамадовас (5 кл.), лъабабилел бакIал ккуна АхIмад Иманшапиевас (5 кл.) ва Малик Закаряевас (5кл.), ункъабилеб бакI щвана Адам ЗагьидхIажиевасе (4кл.), щуабилеб бакI- МухIамад Жалаловасе (5кл.) ва анлъабилеб бакIалде ккана ХIусен Насибов (4кл.).

Конкурсалъул ахиралда бергьаразе кьуна грамотабиги гIарцул сайгъаталги: 1 бакI -2000 гъурущ, 2 бакI- 1500 гъурущ, 3 бакIалъе -1000 гъурущ, хутIаразе нус-нус гъурущ.

**ГIабдурахIим ГIабдурахIимов**

## Гьереси бициналдалъун ризкъи мукъсанлъиялъул хIикмат

ГIадамазда гьоркьоб гьереси бицунев чиясул божилъи тIагIуна, божилъи тIагIараб мехалъ гьев дагь-дагьккун мискинлъиялде вачуна, цинги язихълъиги гьесда тIадчIола. ГIадан жинда божулареб гIумруялде чи ккани гьелъул кинаб талихI, рохел гьесие букIунебали нужецаго пикру гьабе.

ГIадамазул божилъи хварав чиясда «Аферистин» цIарги лъун гьесулгун даран-базар гьаби гьез рехун тола, цинги гьев ккола мискинлъиялде.

Халкъалда гьоркьоб тIибитIараб чIегIерал-хъахIал гьерсалин абулеб жо, гьебги битIарабжо гуро, гьереси чIегIераб, яги хъахIаб абун, эбел-эмен, гIагарлъи, гьерсалги рицун гьел махсароде ккезеги бегьуларо, хириял бусурбаби, нуж гьалде кантIе, капурлъиялда нахъ рилълъинчIого.

### Мунагьаз ризкъи мукъсан гьабула

Свалат-салам лъеяв Аварагас абунила:

«ХIакълъунго инсан ризкъиялдаса махIрум гьавулеб жо, мунагь гьаби ккола» абун.

Гьаб хIадис бицана Ибну ХIиббаницаги (872), ХIакимицаги (1/493), ва Ибну Мажагьицаги (4022).

Цойги хIадисалда буго: «Мунагь гьабурав щив вугониги, гьесул рекIеда тIад чIегIераб тIанкI лъолила, гьес тавбу гьабуни гьеб нахъе ун ракI бацIцIалъулила, тавбу гьабичIони, гьел гIемерлъун ракI чIегIерлъулила»,-абун.

Инсанасе дунялалдаги ахираталдаги бищун кIудияб зарал бугеб жо мунагь гьаби ккола, цIакь дагь гурони инсанасде зарал, яги квешлъи тIаде бачIунаро мунагь гьабиялдалъун гурни. «АннасаихIу Ддинийййат» (52).

### ГIадамазда гьардеялъ мискинлъи бачIинабула

Свалат-салам лъеяв Аварагас абунила: «Цониги чияс, жиндирго нафсалъе гьардеялъул нуцIа рагьичIила, Аллагьас гьесие лъабкъоялда анцIго (70) нуцIа мискинлъиялъул рагьун гурого»,-абун.

Гьаб хIадис бицана Ибну ХIиббаницаги, (3387) Имам АхIмадицаги (2-418).

### НигIматалъул кьимат гьаби

Аллагьас кьурал нигIматазул кьимат гьабизе лъаларев чиясул нигIматал нахъе унила.

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абулеб буго:

МагIна: «ТIадегIанав Аллагьас нужее кьурал нигIматазе нужеца щукру (рецц) гьабуни, Аллагьас нужее жеги тIаде нигIматал цIикIкIине гьарилила».

**«КIиябго рукъалъул талихI»** абураб тIехьалдаса босараб

**Социальный фонд**

## Индексация страховой пенсии в новом году

С 1 января 2024 будут проиндексированы страховые пенсии неработающих пенсионеров. Напомним, что страховая пенсия бывает: - по старости; - по инвалидности; - по случаю потери кормильца.

Как и в прошлые годы для удобства граждан, индексация будет произведена автоматически, обращаться в Соцфонд не потребуется!

Также увеличится фиксированная выплата и стоимость индивидуального пенсионного коэффициента, входящих в итоговую сумму страховой пенсии. Фиксированная выплата - это установленная законом сумма, гарантированно выплачивается к страховой пенсии. Индивидуальный пенсионный коэффициент (ИПК) -это параметр, которым оценивается каждый календарный год трудовой деятельности гражданина. Он зависит от размера страховых взносов, которые уплатил ваш работодатель на обязательное пенсионное страхование. Чем выше была ваша заработная плата, тем больше ИПК начислялось. Подробнее о порядке расчета страховой пенсии.

---

## Как приобрести недостающий стаж

**Что делать, если не хватает страхового стажа для выхода на пенсию по старости?**

Для начала напомним, чтобы выйти на страховую пенсию по старости в 2024 году необходимо:

-достигнуть возраста выхода на страховую пенсию;

-иметь необходимый страховой стаж;

-наличие пенсионного коэффициента в сумме не менее 28,2.

Ранее мы подробнее рассказывали, кто сможет оформить страховую пенсию по старости в 2024 году.

В 2024 году минимально необходимый стаж для назначения страховой пенсии по старости- 15 лет.

Допустим, у гражданина сегодня имеется 14 лет стажа, и он не работает.

В этом случае ему предоставлена возможность приобрести недостающий стаж.

Приобрести недостающий стаж могут как неработающие граждане, так и самозанятые, применяющие налоговый режим «Налог на профессиональный доход».

**Как приобрести недостающий стаж?**

Подайте заявление о вступлении в добровольные правоотношения по обязательному пенсионному страхованию и внесите взносы за год.

Стоимость страхового года рассчитывается по формуле МРОТ х 22% х 12

МРОТ в 2024 году составит 19 242 рубля.

Приобрести один год страхового стажа можно за 50 798,88 рублей, при этом будет начислено 1,037 индивидуальных пенсионных коэффициентов (ИПК).

Если вам требуется больше ИПК, то максимально в 2024 году можно приобрести 8,292 ИПК.

Отсчет приобретаемого периода стажа будет учитываться со дня подачи заявления.

Учет стажа производится пропорционально поступившим средствам.

Законом предусмотрено приобретение до половины необходимого стажа для назначения страховой пенсии:

в 2023 году - не более 7 лет;

в 2024 году -не более 7,5 лет, то есть 1/2 от требуемых 15 лет страхового стажа.

**Абдусалам Гусейнов**

**Акция**

## Профилактическое мероприятие «Внимание -дети!»

В период времени с 25 декабря 2023г. по 8 января 2024г. года Госавтоинспекция Республики Дагестан проводит 5-й этап профилактических мероприятий «Внимание -дети!».




Данное мероприятие проводится в преддверии зимних школьных каникул. Госавтоинспекция Цумадинского района призывает всех участников дорожного движения строго соблюдать Правила дорожного движения, быть внимательными к детям, при их перевозке в автортранспорте использовать детские автокресла, ремни безопасности, в темное время суток пользоваться световозвращающими элементами, контролировать времяпровождение детей на улице, а также особое внимание уделить профилактическим беседам с несовершеннолетними о правилах использования средств индивидуальной мобильности( электросамокаты, гироскутеры, моноколеса и т.д).

В рамках мероприятий предусмотрено участие сотрудников госавтоинспекции в родительских собраниях и на уроках, в тематику которых будут включены вопросы детского дорожно-транспортного травматизма.

Уважаемые родители, не учите преждевременно своих детей управлять транспортными средствами различных категорий, ограничьте их от свободного доступа к ключам от авто и( или) мототранспорта, если таковой имеется в вашем дворе, тем самым вы сохраните маленькую и самую важную жизнь!

Госавтоинспекция напоминает, что дорожное движение начинается не с проезжей части, а с первых шагов от порога дома!

**Госавтоинспекция Цумадинского района**

**Эркенаб гугари**

## Дагъистаналъул первенствоялда

Гьал къояз Хасавюрталда тIобитIана гIисинал гIолилазда (2009-2010сс.) гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.



Дагъистаналъул спортивияб гугариялъул вице-президент Абшин Абшинов ракIалде щвеялъе ва СКФОялъул первенствоялде путевкабазе гIоло гьенив къеркьана лъабнусгоялдаса цIикIкIун гугарухъан.

Гьезда гьоркьов вукIана мугIрузул зоналда бергьарав нилъер районалъул спорщколалъул анцIго гугарухъан. Гьезул кIигоясе щвана медалал: тIоцебесеб бакI ккуна ХIажиев МухIамадтIагьирица (35 кг.), кIиабилеб бакIалде ккана 48 кг. цIайиялда Абакаров Нажмудин.

Баркула кIиявго гугарухъанасда ва гьезул тренеразда щварал бергьенлъаби ва тIаде щолеб ЦIияб сон!

**Шамил Сажидов**

**ММА**

## Рейтингалъулал къецал

26 декабралда Алма-Атаялда тIоритIана ММАялъул профессионалиял речIчIухъабазда гьоркьоб иргадулал рейтингалъулал къецал. Гьенив 70 кг. цIайиялда Гьадириса Къурбан Идрисовас бергьенлъи босана Бразилиялъул речIчIухъан Аленкар Клейбисонида тIад.




**Сураталда:** Къурбан Идрисов (бакьулъ).

**Мини - футбол**

## КIиабилеб лигаялъул чемпионат

22 декабралда «КIолихъ-Аренаялда» тIобитIана любителазда гьоркьоб кIиабилеб лигаялъул мини-футболалъул чемпионат.



Гьенир гIахьаллъана ЦФЛалъул (ЦIумада футболалъул лига), Дагъистаналъул суперлигаялъул, «Дагъкомалъул» ва районалъул тIасабищараб командабазул футболистаздаса гIуцIараб ункъо команда.

Чемпионаталъул хIасилазда рекъон кIиабилеб лигаялъул чемпионлъун бахъана «Рэд-булл» команда (тренер МухIамад Ильясов).

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияв секретарь
2-52-92

Редакциялъул
(издате探ласул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maIl.ru